

Lite kont piki moustik!



DRENNEN^{epi} KOUVRI

**Anpeche moustik viv epi
miltipliye bò lakay ou oswa
biznis ou.**

DRENNEN DLO DÒMI ki nan poubèl,
goutyè, kouvèti pisin, glasyè, jwèt, potaflè,
bwomelyad oswa tout lòt resipyan kote dlo
pou wouze oswa dlo lapli stoke.

JETE vye kawotchou, dwoum, boutèy,
bidon, po ak kastwòl, aparèy kase ak lòt
atik ki pap sèvi.

VIDE EPI NETWAYE basen zwazo ak
abrevwa bèt domestik yo, youn oswa de
fwa pa semenn omwens.

PWOTEJE bato ak machin kont lapli ak
bach ki pa kenbe dlo.

KENBE konpozisyon chimik dlo pisin yo.
Vide pisin an plastik yo lè yo pap sèvi.

**Pwoteje tèt ou kont
piki moustik ak maladi yo
kapab pote.**

KOUVRI PO W ak rad si w dwe rete
deyò lè moustik yo aktif. Mete soulye,
chosèt, pantalon long, ak manch long.

**PASE SOLISYON KANPE LWEN
POU MOUSTIK** sou po w ak rad ou.
Toujou itilize solisyon kanpe lwen jan
etikèt la di l la. Solisyon kanpe lwen ki
fèt ak DEET, ikaridin, esans sitwon
ekalptis, ak IR3535 efikas.

ITILIZE MOUSTIKÈ pou pwoteje timoun
pi piti pase 2 mwa.

SKRINE PÒT AK FENÈT YO pou
moustik pa rantre nan kay la. Repare
eskrin fenèt, pòt, galri ak teras yo.



Pou rapòte nwizans moustik, rele 311
oswa telechaje aplikasyon mobil gratis
nou an, 311 Direct.



#DrainAndCoverMiami



miamidade.gov/mosquito



miamidade.floridahealth.gov